

# Sun River Health



## Oto-atestasyon pou kalifikasyon pou dòz adisyonèl vaksen COVID-19

**Fòm sa a se pou moun yo ki genyen yon sistèm iminitè ki fèb yon fason modere ak grav ki te deja resevwa 2 dòz vaksen COVID-19 Pfizer oswa Moderna yo.**

Si w satisfè kritè CDC endike yo, li rekòmande pou ou pran yon 3yèm dòz mRNA vaksen (Pfizer oswa Moderna) nan omwen 28 jou apre w fin pran 2yèm dòz vaksen ou an. Lè sa posib, ou ta dwe resevwa menm vaksen an. Pa egzanp, si w te pran yon seri vaksen Pfizer, eseye pran yon vaksen Pfizer pou 3yèm dòz ou. Pale ak doktè w konsènan nesesite pou pran yon 3yèm dòz vaksen COVID-19 ak ki pi bon moman pou yon 3yèm dòz.

**Mwen konfime mwen genyen yon sistèm iminitè ki deprime epi mwen kalifye pou yon twazyèm dòz vaksen dapre kritè anba a.**

- Ap resevwa yon tretman kansè aktif pou timè oswa kansè nan san;
- Te resevwa yon grèf ògàn epi mwen ap pran medikaman pou siprime sistèm iminitè mwen;
- Te resevwa yon grèf selil souch nan 2 dènye ane yo oswa mwen ap pran medikaman pou siprime sistèm iminitè mwen;
- Defisyans iminitè prensipal modere oswa grav (tankou sendwòm DiGeorge, sendwòm Wiskott-Aldrich);
- Enfeksyon VIH avanse oswa ki pa trete;
- Tretman aktif avèk gwo dòz kòtikostewoyid oswa lòt medikaman ki siprime repons sistèm iminitè mwen

**Siyati:** \_\_\_\_\_

**Non:** \_\_\_\_\_

**Dat:** \_\_\_\_\_

Li enpòtan pou kontinye pwoteje tèt ou apre ou fin pran yon 3yèm dòz vaksen. Sa genyen ladan l yon maks ki byen anfòm, mentni distans fizik, evite kote ki gen foul oswa espas ki pa genyen bon jan sikilasyon lè, epi lave men w yo souvan. Konsidere "mete de (2) maks" (mete yon maks an twal sou maks chirijikal la) pou yon pi gwo nivo pwoteksyon.

**Pou plis enfòmasyon, gade Feyè Enfòmasyon sou [Moderna](#) oswa [Pfizer](#) pou Resipyan ak Moun ka bay Swen yo avèk nan Sitwèb CDC a:**

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/recommendations/immuno.html>

*Si w pa genyen aksè a yon enprimant ou kapab ekri atestasyon an alamen.*